

Hérmawan “Nyéléwér”

Ku Agus Suhérman

Leuwih remen disidem.

Keur mah lalaki téh leuwih éksplosif, katambah- tambah dijurung ku pamajikan, atuh aya jalan komo meuntas, saperti anu kagambar dina carpon “Nin” karya Hérmawan Aksan anu dipidangkeun dina kumpulan carpon *Kanagan*, (2003).

Nin miboga paménta anu teu ilahar. Manéhna hayang dipangnyéléwérkeun ku salakina kalawan alesan hayang ngarasakeun kumaha dinamikana rumah tangga téh, da anu kaalaman ku manéhna salila ieu, éstuning lempeng-lempeng baé, ti mimiti hahadéan, terus papacangan nepi ka ngarangkepna, Apan geus jadi rusiah umum yén sakumna anu keur kakandungan sok réa kahayang, kaasup kana hal-hal anu kurang wajar atawa pamohalan. Upamana waé, tengah peuting jemplang-jempling hayang buah ngora, padahal keur lain usumna.

Kabiasaan kitu téh geus aya ti béh ditu kénéh, saperti anu kaunggel dina carita pantun “Munding Laya Di Kusumah”, nya éta nalika Padmawati, praméswari Pajajaran nuju kakandungan ku Munding Laya, kitu deui nalika Gambir Wangi, Praméswari Muara Bérés kakandungan ku Déwi Asri, duanana sarua pada hayang dipangalakeun honjé, nepi ka léngsér ti éta nagara anu dua ngasruk leuleuweungan sarta ragot galungan marebutkeun honjé.

Kabiasaan aranéh anu nyiram ogé jéntré katitén dina “Wawacan Pandita Sawang”. Dina éta wawacan disebutkeun yén ciri-ciri nu nyiram téh di antarana leumpangna teu nangan, unggah adat (jadi bengis ka salaki), réa kahayang, sarta sok hayang ngadahar sakur anu katingal.

Ku alesan kitu, Hérmawan geus méré argumén logis dina jujutan carpon “Nin”. Tokoh Nin boga paménta sarupa kitu téh alatan manéhna keur nyiram, nepi ka si kuring (salaki Nin) ogé ngarasa ngemban hiji kawajiban pikeun ngalakasanakeun éta pameredih, kalawan alesan yén nyéléwér téh kahayang pamajikan sarta sakaligus paménta si inji, sarta upama teu dilaksanakeun bisi aya matakna. Dumasar kana éta alesan si kuring ngersakeun babarengan jeung awéwé séjén (Lis). Dina kahirupan nyata, jigana rébuan malah boa jutaan lalaki baris leuwih leah nohonan paménta kawas Nin, batan kudu néangan buah ngora tengah peuting bari keur teu usum deuih.

Lian ti dina “Nin”, gambaran “éndahna nyéléwér” atawa “nyéléwér anu andah” téh ku Hérmawan dijenggléngkeun dina carpon séjénna, nya éta dina “Cinta” (*Manglé*, No. 1963).

Dina ieu carpon, nu nyéléwér téh karasa leuwih anteb jeung pajeujeut. Upama dina “Nin” mah si kuring nyéléwér ka Lis téh jiga semu kapaksa, pédah dijurung ku pamajikan nu keur kakandungan, tapi dina “Cinta” mah éstu salingkuh téh nyéléwér téh mémang perlu, nepi ka kudu diatur sagala rupana kalawan tartib tur rikip, upamana tempat nu rék dijugjugna kudu dirarancang, naha di kafé, bioskop, basisir, atawa néangan waktu séjénna nu teu pagedrug jeung teu nyurigakeun nu di imah. Kaharti kituna mah, da nyéléwér téh lalaki jeung awéwé anu geus pada-pada boga batur hirup anu saha, katut anak.

Dina “Cinta” mah malah nyéléwér téh kudu dibarung ku sikep silih percaya jeung silih titénan, sarta upama aya pasualan anu matak ngaganjel, kudu buru-buru dibadamikeun, sangkan teu jadi masalah badag nu ahirna matak ngaruksak kana kaharmonisna panyéléwérna aya parobahan, boh sikep boh paromanna. Éta hal biasa kaharti alatan batur nyéléwér (si kuring jeung Linda) téh sapagawéan, sasat pagilinggisik saban usik, jadi katitén pisan saparipolahna, boa malah dina 24 jam sapoé-sapeuting, waktu téh réa kénéh dipaké babarengan jeung batur nyéléwér batan jeung salaki atawa pamajikan. Apan bubarana kantor ogé tara langsung mulang, tapi nya paduduaan heula. Leuwih ti kitu, sagala kaperluan tokoh kuring kayaning baju keur

ngantor, kacapanon jeung nu lianna, meuli jeung dipapantesna téh tara ku pamajikanana, tapi ku batur nyéléwérna.

Dina “Pulpén” anu dipidangkeun dina buku *Ti Pulpén tepi ka Pamajikan cinta (2002)* lalakon nyéléwér téh teu pati matak pogot, sabab dina ieu carpon mah anu jadi puseur carita téh taya lian ti sakadang pulpén téa, ari kajadian nyéléwérna mah ukur kagambar wungkul, teu karasa lajuning lacuna.

Pulpén nu hargana ukur sarébu perak sarta dipakéna matak teu kebat, dan kaburu ret-retan, teuing béak teuing garing mangisna, dianggap gedé pisan jasa minangka cukang pikeun nacrub kana panyéléwérna, alatan éta pulpén téa, anu ku nu meulina mah dipiceun, tapi ku Lis, batur sakantorna, bet kalah dipuji, malah hayangeun miboga tur hayang dipangmeulikeun. Muji pulpén saténan meureun jurus Lis waé sangkan aya picaritaen, da sabenerna mah manéhna téh geus aya haté (ti ditu kénéh) ka si kuring.

Dina carpon “Rini, sanggues Likuran Taun” (*Mangle No. 1886*); bibit buit nyéléwér muncul ngaliwatan SMS. Rini geus lilikiran taun teu tepung, norojol deui kana ponsél. Ingetan mangsa lawan nu ngalantarankeun duriat peunggas, ngalangkung deui hiji-hiji. Di kafé Amarta, Rini balaka yén rumah tanggana jauh tina bagja, sanajan boga anak dua.

Dina ieu carpon, lolongkrang panyéléwérna anu ngahaja digeblagkeun ku Rini teu hageut dideugdeug ku tokoh kuring masih micinta dirina, tapi teu dijawab, kalah ngabigeu. Teuing duméh manéhna satia, atawa pédah kungsi dinyenyeri ku bapana Rini, atawa bisa jadi pédah kaayaan Rini anu geus robah, awakna jadi ngabeukahan kawas sapi peunciteun, beungeutna ngalelep beurateun ku pipi, sarta handapeun panonna atra ngagaleng gurat hideung.

“Master Piece” (*Manglé No 1915*) mangrupa carpon nyéléwér Hérmawan anu méré nasib tragis ka tokoh caritana. Tokoh kuring, kungsi kacilakaan di puncak bareng jeung batur nyéléwérna. Éta kajadian di wartakeun dina surat kabar anu méhméhan matak ngaburantakkeun rumah tanggana, ngan untung pamajikanana gedé hampura. Tina éta kacilakaan, si tokoh kuring jadi impotent.

KATAPIS Hérmawan ngutak-ngatik dunya salingkuh lain waé katitén dina carpon-carpon anu sacara umum geus nuduhkeun cicirén salingkuh, saperti dina carpon-carpon anu cirén salingkuh, saperti dina carpon “Cinta”, “Rini, Sanggeus Likuran Taun”, jeung “Master Piece”, tapi ngagoréhél deuih dina “Sigala-gala”, carpon psikologis anu sacara umum ngangkat téma paranoid (marudahna rasa).

Nyélewér dina “Sigala-gala” ku Hérmawan dijieun tempat atawa cara séjén pikeun meper haté nu keur marudah. Nalika tokoh kuring “diteror” mangsa, manéhna milih ngabiur ka puncak, dipépéndé ku Santi, kukutanana. Dina ieu hal nyéléwér dianggap miboga éfék psikotérapeutik, sanajan dina kabuktianana méncog.

Tina sabaraha carpon Hérmawan, nyéléwér téh bisa miang tina rasa kapaksa binarung nyaah pikeun nedunan pemeredih pamajikan, sanajan dina pamustunganana mah lir nu deudeuieun (carpon “Nin”). Aya deui nu nyéléwér pikeun meunang suasana anyar, teu kuat nahan gogoda, mikaresep nu séjen, miharep romansa, sarta miboga keyakinan yén peta kitu téh moal kanyahoan (carpon “Cinta”). Aya deui anu jurung ku rasa frustrasi katut rasa kaduhung kana nasib hirupna anu dianggap geus salah jalan, upamana salah milih salaki séjén anu baris ningtrimkeun batinna saperti nu kaalaman ku Rini dina carpon “Rini, Sanggeus Likuran Taun”.

Motif séjénna nya éta pikeun nohonan hasrat libido, resep “ngalalana”, numuwuhkeun citra diri minangka panglaki, langen ngabar adrenalin (carpon “Master Piece” jeung “Sigala-gala”).

Nyélewér dina carpon “Nin” kaasup kana tipeu nyélewér kreatif. Ieu tipeu nyélewér téh upama geus kaalaman sarta teu kalepasan teuing, baris jadi pamatri deui tali asih, ngagedurkeun deui kadeudeuh, sarta teu kalepasan teuing, baris jadi pamatri deui tali asih, ngagedurkeun deui kadeudeuh, sarta ngahangkeutkeun deui kageugeut. Ku salingkuh model kieu rumah tangga jadi tambah ngatumbiri, tambah pengkuh, sarta nambah guligah jeung rasa bungah, tur nimbulkeun galura kasono jeung rasa bogoh anu rohaka, saperti nu kaalaman ku Nin.

Ari nyélewér dina carpon “Cinta”, “Pulpén”, jeung “Rini, Sanggeus Likuran Taun”. Nu jadi panjurungna pagedrug dina rumah tangga, nepi ka salahsaurang di antarana néangan awéwé/lalaki séjén minangka konsési tina kakurangan pasanganana. Asal ulah kajongjonan sarta asal buru-buru sadar kana sagala kakurangan, dibarung ku tékad pikeun ngarobah paripolah, nyélewér samodél kitu mah bisa dioméan.

Anapon nyélewér anu kapanggih dina carpon “Master Piece” jeung “Sigala-gala”, kaasup kana model rékréasionanl. Miangna tina euphoria ékstramatrial, yén lampah kitu téh mangrupa hiji kani'matan, boh dipilampah jeung nu geus boga salaki-pamajikan boh jeung awéwé bangor. Nu kieu mah geus rada parna, malah bisa dicatur nyélewér pibekeleun ka kubur, ku hésé-héséna disadarkeun.

Dumasar kana carpon-carpon di luhur sarta dumasar kana kahirupan nyata deuih, tétéla panyélewéran bisa tina rupa-rupa pamiangan. Tapi naon waé alesanana, paripolah kitu téh nurutkeun “nu neuleuman kasatian” mah angger hianat, boh kana komitmen laki-labi boh kana komitmen hahadéan. Sababna mah saréréa sadar yén nalika dirina mikabogoh atawa geus nikah, hal anu dipangdipikaharepna téh taya lian runtut-raut dina dahup jeung pasangan. Malah upama saban jalma ditanya naon koncina kabagjaan dina ngambah sagara rumah tangga, tangtu saréréa sapuk jawabanana téh nya éta ‘satia’. Dono Baswardono kungsi nandeskeskeun yén jalama anu téga ngahianat ka urang saéstuna manéhna téh geus nempatkeun dirina minangka musuh, lain salaki atawa pamajikan anu sakuduna mikadeudeuh sarta ngadama-dama urang.

Sanajan kitu, ari dina dunya fiksi mah, panyélewéran anu diwang-wangkeun ku Hérmawan téh éstu ngajenggléng jadi suasana jeung nuansa carita anu hégar: nyélewér dina sastra Sunda estu matak karungrum jeung kayungyun, sarta beda pisan jeung nyélewér dina kanyataanana, anu biasana sok leuwih rohaka gujrudna batan romantisna.

*Dimuat dina Majalah *Cupumanik*, No.